



Pou Piblikasyon Imedya: 03/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN OUVÈTI DEVLOPMAN LOJMAN SIPÒ A BON MACHE POU 15 MILYON DOLA NAN KONTE ONONDAGA**

***Monarch Commons ap bay 50 apatman nan pri abòdab pou adilt ki pi aje yo ak ansyen militè ki sanzabri nan bilding ekoenèjetik***

***Investisman an konplete inisyativ 'CNY Rising' lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

***Desen an disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse kòmansman konstriksyon sou yon devlopman lojman 15 milyon dola, nan pri abòdab epi ki ekoenèjetik ki gen 50 apatman nan vil Cicero nan Konte Onondaga. Monarch Commons ap genyen 35 apatman pou adilt ki gen laj 55 an ak plis, ak 15 apatman pou ansyen militè ki sanzabri oswa ki gen ensekirite lojman.

"Pandan nou konsantre pou ede Nouyòkè yo rekipere nan pandemi an, ogmante lojman nan pri ki abòdab, ki dirab, epi ki bay sipò se youn nan pi bon estrateji pou konbat pwoblèm sanzabri a epi asire ke chak moun gen yon twati sou tèt yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Monarch Commons pa sèlman ede rezidan ki pi vilnerab nou yo nan Konte Onondaga, ki enkli ansyen militè nou yo, li se yon modèl pou efikasite enèjetik pandan n ap travay pou kreye yon avni ki pi pwòp, pi ekolojik."

Monarch Commons ap konpoze ak yon bilding de etaj ki gen 48 apatman yon chanm ak apatman de chanm. Tout apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa.

Y ap rezève kenz nan apatman yo pou ansyen militè ki sanzabri oswa ki riske vin sanzabri. Moun sa yo ap gen aksè nan sèvis sipò Soldier On bay, yon òganizasyon ki espesyalize nan sipòte ansyen militè yo. Sèvis ak sibvansyon lokasyon yo ap finanse pa Inisyativ Lojman Sipò Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative) epi se Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la k ap administre li.

Monarch Commons te fèt pou reponn ak règ efikasite enèjetik ak bilding ekolojik ke Pwogram Nouvo Konstrikasyon - Lojman (Nivo 3), Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji

Eta New York (New York State Energy, Research and Development Authority, NYSERDA) a egzije a epi pwojè a ap pouswiv sètifikasyon LEED la. Lòt fonksyonalite ekoenèjetik yo enkli ekleraj LED, aparèy plonbri fèb debi, vantilatè saldeben ki fonksyone nan fason kontini, ak tout aparèy, ekipman, ekleraj ak ajansman Energy Star yo oswa ekivalan.

Chak apatman ap genyen gwo espas estokaj, enstalasyon kwizin modèn ak yon patio oswa balkon. Saldeben yo ap ekipe ak ba pou apiye ak kòd ijans. Enstalasyon bilding yo ap enkli yon salon, sal kominotè, sal egzèsis ak sal enfòmasyon. Bilding lan ap genyen you yon espas ki dedye pou biwo ak espas rankont separe pou founisè sèvis sipò a. Se CDS Monarch, Inc. k ap devlope pwojè a.

Finansman Eta gen ladan Kredi Enpo federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ki pral jenere 12 milyon dola nan fon pwòp ak 2.5 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. NYSERDA ap bay 175,000 dola sipò. CDS Wolf Foundation ak Fondasyon Kominote Santral New York (Central New York Community Foundation) ap bay finansman siplemantè.

Monarch Commons se yon pati nan Plan Lojman san presedan, senk ane eta a pou 20 milya dola, pou rann lojman aksesib ak pou konbat sanzabri gras ak konstriksyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 lojman ki gen sèvis sipò. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York la te envesti 190 milyon dola nan Konte Onondaga, ki te kreye oswa prezève anviwon 2,800 lojman abòdab.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare,** "Monarch Commons ap bay rezidan li yo apatman ki agreyab epi ki ekoenèjetik pou yo ka viv lavi ki an sante epi endepandan nan yon bèl nouvo bilding. Avèk 15 kay ki bay sipò pou ansyen militè yo, n ap reyalye tou yon pwomès pou sousye pou sila yo ki te sèvi peyi nou an ak bravou lè nou ofri yo opòtinite pou viv nan diyite ak kay ki nan pri abòdab ki gen aksè nan sèvis yo bezwen an. Mèsi CDS Housing ak patnè eta nou an paske yo ede nou konstui nouvo lojman dekalite nan Cicero."

**Komisè Egzekitif Adjwen OTDA, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Yo ta dwe otorize adilt ki pi aje yo - espesyalman sila yo ki te sèvi nan fòs lame nou yo nan fason onorab - pou yo vyeyi ak gras nan kominote yo nan tout sekirite e san yon pa krenn enskite nan lojman. Devlopman tankou Monarch Commons reponn ak yon bezwen pou Nouyòkè sa yo lè li ba yo sekirite, lojman nan pri ki abòdab ak sèvis sipò yo ka itilize pou evite depasman nan kominote yo oswa evite pèspektiv sanzabri a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske l rekonèt enpòtans lojman ki bay sipò epi ede pwojè tankou sa nan Cicero pou vin yon reyalye."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Felisitasyon ak Monarch Commons pou inovasyon ak angajman yo pou pote solisyon ekolojik epi bon klima pou rezidan granmoun ak Ansyen militè sanzabri yo nan Konte Onondaga. Asire ke popilasyon ki pi vilnerab nou yo gen kay ki sekirize, nan pri

abòdab epi konfòtab se yon priyorite isit la nan New York epi Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act) priyorize pou livre benefis pou moun sa yo nan kad tranzisyon nou vè yon ekonomi enèji pwòp."

**Senatè Eta a, Rachel May, te deklare,** "Santral New York gen gwo bezwen plis inite lojman nan pri abòdab. Mwen kontan anpil pou wè pwojè sa ap avanse nan Cicero pou Nouyòkè ki pi granmoun ak ansyen militè k ap fè fas ensekirite lojman yo. Moun nan banlye nou yo merite gen aksè nan lojman kalite, nan pri abòdab epi mwen espere pwojè sa ap sèvi kòm yon modèl pou ogmante opsyon pou rezidan atravè konte ak eta a."

**Manm Asanble AI Stirpe te deklare,** "Monarch Commons se yon pwojè revolisyonè nan anpil nivo. Apatman ekoenèjetik, nan pri abòdab pou granmoun ak popilasyon ansyen militè nou an ki bay sèvis sipò sou plas yo, ap pote transfòmasyon. Enstalasyon yo enkli aksè nan teknoloji, fonksyon sekirite ak yon koneksyon nan kominote ki enpòtan anpil pou resevwa kalite swen ke moun yo bezwen an. Nou pa ka tann pou akeyi yo nan katye a."

**Sipèvizè Vil Cicero, Bill Meyer te deklare,** "Gen yon vrè bezwen pou lojman nan pri abòdab pou ansyen militè yo. Nouvo apatman sa yo ap yon gwo etap pou bay lojman nan pri abòdab ak sèvis lokal yo."

**Andrew Sewnauth, Prezidan Direktè Jeneral CDS Life Transitions, te deklare,** "CDS kontan anpil pou fè patenarya ak Eta New York pou bay lojman sekirize, nan pri abòdab epi bon kalite pou ansyen militè nou yo. Monarch Commons ki apiye fondman pwogram Warrior Salute nou an nan Rochester, reprezante yon angajman pou gason ak fanm brav nou yo ki pa merite mwens pase sa ki pi bon peyi a genyen pou ofri yo."

### **Akselere CNY Rising**

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Kounye a, rejyon an ap akselere CNY Rising kounye a ak yon envestisman 500 milyon dola eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative). Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)